



Gid Paran pou Administre ak

Kontwole Egzamen Dyagnostik Lakay yo

Deskripsyon Jeneral

SDPBC administre Evalyasyon Dyagnostik ki aliye epi relete evalyasyon estanda nan Eta Florid. Yon Evalyasyon Dyagnostik se yon kalite evalyasyon ki diferan avèk kesyonè pwofesè a te kreye a. Evalyasyon dyagnostik k ap vini yo dwe fèt lakay. Li enpòtan pou ou pa ede pitit ou reponn kesyon sou yon Evalyasyon Dyagnostik, men ou mèt bay sipò ak ankourajman pou fè sèten enfòmasyon ou resevwa yo relete vreman sa pitit ou konnen ak sa pitit ou toujou bezwen aprann. Men yon lis verifikasyon anba a ki kapab ede:

Aksyon yo Rekòmande:

1. Familyarize Pwòp Tèt ou.

Kijan evalyasyon sa a diferan? Evalyasyon Dyagnostik yo fèt pou itilize pou objektif edikatif sèlman. Evalyasyon yo oryante ansèyman nan klas epi ede pwofesè yo pèsonalize leson yo nan klas yo. Yo pral itilize dyagnostik pou detèmine si ratrapaj oswa anrichisman nesèsè pou objektif edikatif avèk elèv. Dyagnostik yo itilize ak administre kòm sadwa ap ofri yon anviwònman pwodikatif pou elèv yo epi l ap asire elèv yo metrize estanda ki obligatwa pou nivo klas la. Pwofesè yo analize nòt yo epi sa ede yo idantifye nivo akonplisman egzat pitit ou dapre yon varyete konpetans ak estanda yo mande pou chak nivo klas yo.

Poukisa yo mande pitit mwen pou yo pran evalyasyon sa a lakay yo?

Objektif evalyasyon sa a se pa pou bay pitit ou yon rezilta oswa yon nòt. Rezilta Evalyasyon Dyagnostik la pral pèmèt pwofesè pitit ou pran kèk desizyon eklere ki an rapò avèk aprantisaj endividyèl epi ranfòse ansèyman nan klas.

2. Òganize w.

- Detèmine kilè ak ki kote pou pitit ou pran Evalyasyon Dyagnostik la a.** Y ap administre chak dyagnostik pou nenpòt ki sijè lakay ou nan yon anviwònman aprantisaj adistans epi l ap pran 90 minit antou pou konplete l.

Pa bliye direktè/tris lekòl yo ap enfòmasyon paran yo sou dat ak lè.

- Pou jèn elèv yo, (nan klas 3 rive 5), nou pwopoze separe tan an an plizyè sesyon kout.
- Pou pi gran elèv yo, (nan klas 6 ak piwo), planifye kòm sadwa epi bay ti poz).

- **Fè sèten enfòmasyon pou koneksyon ou pran nanmen pwofesè pitit ou kòrèk.**
- **Rasanble papye ak kreyon pou pitit ou.** Pitit ou ap bezwen fèy papye bouyon pou rezoud pwoblèm nan Dyagnostik pou Matematik epi yo kapab twouve li itil pou pran nòt nan kèk pati Dyagnostik pou Lekti a. Konsa tou, pwofesè a kapab mande elèv la pou montre travay li, kijan li te rezoud yon pwoblèm oswa jwenn yon repons.

3. **Prepare epi Motive Pitit Ou.**

- **Eksplike pitit ou y ap pran Evalyasyon Dyagnostik pou detèmine nan ki mezi yo konprann enfòmasyon Estanda Eta a mezire. Tanpri ankouraje ak motive yo pou fè tout efò yo kapab.**
- **Eksplike pitit ou** Dyagnostik la ap gen kesyon ki difisil pou yo, men reasire yo li OK pou seleksyone repons yo panse ki bon an epi kontinye lè yon kesyon parèt twò difisil.

4. **Kontwole Pitit ou Aktivman**

- **Kontwole ak ankouraje pitit ou pandan y ap pran Evalyasyon Dyagnostik la.** Fè pitit ou sonje travay sou kesyon matematik yo sou papye (montre travay). Si w remake pitit ou a vin fatige, fristre, oswa pase rapidman sou kesyon yo, ba yo ankourajman, sijere pou yo sote pwoblèm nan epi retounen ladann pita, oswa sijere pou yo pran yon ti poz. Sonje asire w yo jere tan an pandan tès la, pou yo kapab fini tès la nan apeprè 90 minit.
- **Tanpri “Pa ede,” pitit ou reponn kesyon sou Evalyasyon Dyagnostik yo,** paske sa P AP kreye yon vrè mezi sou si pitit ou konprann estanda a. Li bay pwofesè a fo done ki fè aprantisaj pèsonalize pou ratrapaj ak anrichisman difisil.

5. **Konfime yo Fini.**

- **Fè sèten pitit ou fini tout Evalyasyon Dyagnostik la.** Pitit ou pral wè yon mesaj ki parèt sou ekran an ki endike yo fini evalyasyon an avèk siksè, apre yo fin soumèt tès la. Si genyen yon kesyon sou si pitit ou ranpli evalyasyon an konplètman, oswa te soumèt li aksidantèlman pa erè, tanpri kontakte pwofesè klas la imedyatman. Fè sèten pitit ou a fèmen sesyon an apre li fin konplete evalyasyon an.

Dènye Konsèy pou Tès yo:

-
- Fè sèten yo byen dòmi nan aswè epi manje yon dejene nourisan.
 - Vize pou gen yon maten san estrès/relaks.
 - Ankouraje yo pou fè tout efò posib yo epi itilize estrateji yo.
 - Finalman, kontakte pwofesè pitit ou si w gen nenpòt kesyon oswa pwoblèm.



The Department of Multicultural Education Translation Team certifies that this is a true faithful translation of the original document. [\(561\) 434-8620](#) – August 2020 – SY201291